ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№54 (23.712) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

ЩIыуэпсым и щытыкIэм егъэпIейтей

● Кавказ Ищхъэрэ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральэ округым щыIэ Белавенцев Олег КЪБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыпсэльащ УФ-м и Къэрал Думэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ, Экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкIэ комитетым и унафэщI Тимофеевз Ольгэ, КИФЩI-м хьихьэ хэгъэгухэм я унафэщIхэр, щIыналъэхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ я министерствэхэм, ведомствэхэм я пашэхэр, нэгъуэщIхэри.

- ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩI, 2017 гъэ Экологием и илъэсу щытащ. Абы кърикIуахэм дриплъэку къыхэдгъэщынщи, хэгъэгухэм я щIыуэпсым и щытыкIэм елытар абыхэм щыпсэу цIыхухэм я узынщагъэм и закъуэкъым, атIэ а щIыналъэхэм хэк экономикэ и лъэныкъуэкIэ я зыужьынигъэри, турист кIуапIэ ахэр хъунри а Iуэхум епхащ, - къыхигъэщащ Белавенцев Олег.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ ехъулIэныгъэ нэхъыбэ зыIэрызыгъэхьахэм ящыщу я цIэ кърикIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн республикэхэр.

Полномочнэ лIыкIуэм и гугъу ищIащ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр гъэсеижым, абыхэм щIэрыщIэу елэжьыжьым дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зегъэхъуэжьымкIэ мыхьэнэшхуэ зэрэIэм, а лэжьыгъэм адэкIи зэрызегъэужьыпхъэм, языныкъуэ щIыналъэхэм я производствэхэм къадэхуэ пкъыгъуэ-пыдзахуэ быдзкэр зыгъэкIуэдыжьигъуеим, нэгъуэщIхэмэ.

- Зэрыщыту ехъатщтэмэ, ди къэралым щIыуэпсым и щытыкIэр апхуэдизу хэплъэгъуэ щыхъуаци, экологием тегузэвыхьыныр щыхубэ хозяйствэм и Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм я деж къыщежьауэ къэкIуатэурэ, иджы къэрал властым и кулыкъущIапIэхэм деж къэсащ. НэгъуэщIу жьытIэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и къуэдзэ Тимофеевз Ольгэ зи гугъу ищIахэм ящыщу псы ежэхэхэм я кьабзагъэм арэзы укъызэримыщIыр, ахэр куэнщыб идзыпIэ зэрращIар, мэзхэр щыс-хьынщэу зэрырауплщIыкIыр, нэгъуэщIхэри.

- СызэреплъымкIэ, мыбдежым щызэхуэсахэм ди къалэнщ къэтIэта Iуэхуэр псоми ди зэхуэдэу зэрыщытыр къэтлъытэну. Мыдрейуэ, Iэмалынщэу зэфIэдгъэкIын хуейуэ зи гугъу тщIыхэм ятеухуауэ сыт хуэдэ жэрдэм къыхэлъхьэми дыхэплъэнущ, зэрытхуэзэфIэкIкIи ахэр вдзтIыгъынущ. АбыкIэ фыкъыдогъэгугъэ.

- Ди республикэм, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ къулей щIыналъэм, дежкIэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр къалэн нэхъыщхьэу къэув къудейкъым, атIэ псэуныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Ауэ къэхъуа Iуэхуэм къэплъытэ хъунукъым Урысейм и Экологие партым («Удзыфахэр») и депутатхэм я фракцэ ди хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм зэрыхэтри, къэрал псом апхуэдэ щымыIэу, - къыхигъэщащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. - ЗэфIэдгъэкIыну иджыри куэд къытпэщIтщ, ауэ сэ шэч къытесхьэркъым, дыззедгугъумэ, ахэр псори къызэрыдзэхьулIэнум.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхуэм ятеухуауэ къэпсэлъащ ЩIыуэпсыр къызэрагъэсэбэп щыкIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ кулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Амирханов А. М., УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэхэу Фадеев О. А., Владимиров М. В., Галактионов А. В., Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Iэтащхьэ Битаров В. З., Ставрополь крайм и губернатор Владимиров В. В., Шэшэн Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Эдельгериев Р. С.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Мэлыжьыхьым и 27-р Урысей парламентаризмэм и махуэщ

Къару мыкIуэщIыж

Ди тхыдэм и япэу, илъэси 112-рэ япэкIэ, 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м лэжьэн щIидзащ Урысей Парламентым - Къэрал Думэм. А Iуэхум нэрылъагъуу щIигъэхуэбжьащ жылагъуэ зэхущытыкIэхэм я системэщIэ зэтегъэуцвэныр. Урысейм правовой къэралымрэ демократиемрэ я Iэхъущ1апIэхэм зыщаужьу, социально-политикэ фIыгъуэхэр щызэтеувэу хуежьащ. Увыпlэщхуэ яубыд цIыхубэр къэралыр зехьэным зэрыхэтым, хэхакIуэхэм я пашхьэ жэуап щытыным, хабзэм и къарур нэхъыщхьэу щытыным, властым и Iэнатlэхэм я къалэнхэр зэпэгъэшьным.

ДЯПЭ ита парламентархэм я лэжьэкIэр къагъэсэбэпурэ, урысей депутатхэм илъэс 10щIым тIэкIыкIэ щигъу лъэхъэнэ мыиным кIуриубыдэу жылагъуэ зэгурыIуэныгъэм хуэзышэ гъэзэуанэ мытынш къызэпачащ, законхэр къыдэгъэкIынымрэ и Iэмал нэхъыфIхэр яубэхуащ, властым и Iэнатlэ псори зэгъэлIуауэ зэдэлэжьэныр къызэрагъэпэлащ. Апхуэдэ егупчыныгъэм и фIыщIэкIэ ди деж федеральнэ хабзэ мардэхэри щIыналъэхэм я законодательствэри нэгъэсауэ зэтегъэувэныкIэ Iэмал нэхъыфIхэр щыIэ хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2018 гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. Иджыпсту шэч лъэпкъ къытедмыхьэжу жылIэ хъунущ тхыдэм и мардэкIэ куэд дыдэу щымыт а лъэхъэнэм къырибыдэу законхэр къыдэгъэкIынымкIэ лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ орган Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыз-теувар икIи къыбгъэдэхуэ къалэнхэр абы нэгъэсауэ зэригъэзащIэр.

Зэманым нэрылъагъу къищIащ япэ сессием щегъэжьауэ Парламентым и лэжьыгъэр зэриубыдэуа щIыкIэр тэмэму къызэрыщIэкIар. Республикэм жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр зэрыщахъумар, политикэ зэныкъуэкъухэр къызэрыщамыгъэхъуар депутатхэми куэдкIэ я фIыщIэщ. Илъэсыпlэкlэ жылIэмэ, япэ хэхыгъуэм хиубыда депутатхэм я деж къыщегъэжьауэ, республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр щэсыпIэу уващ социальнэ къалэнхэр гъэзэщIэныкъым социальнэ, экономикэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ республикэм и властхэм къабгъэдэхуэ псори ялэжьыныкIэ. СызэреплъымкIэ, республикэм и Парламентым и дэтхэнэ хэхыгъуэми езым и къыхэщхьэхукIынигъэхэр иIэщ. Абы зэпымыууэ зеужь, теплъэщIэ егъуэт, ауэ зэтеува хабзэхэр ехьумэ икIи иregъэфIакIуэ. Абы къыдэкIуэу лэжьыгъэм и Iэмалхэм зрагъэхъуэж зэманым къигъувэжэм езэгъуеу. Иджырей хэхыгъуэм и къыхэщхьэхукIынигъэхэм ящыщу Парламентым къэпщытэныгъэм и лъэныкъуэкIэ къыбгъэдэхуэ къалэнхэр гъэзэщIэным гулъытэ хэха хуащIу зэрыхуэжьар. ПIалъэ пыухыкIахэм тету депутатхэр хоплъэ Правительствэм, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэм къыхалъхьэ информацэм.

ДызэреплъымкIэ, законхэр къыдэзыгъэкIхэм я къалэнхэр къыщыувыIэрэкъым щIыналъэм и экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэр къызэзыгъэпэщ хабзэ лъабжьэхэр зэтегъэувэным. Депутатхэм апхуэдэу властым иригъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ абы и мурадхэмрэ нагъэсын хуейщ ахэр хэзыха цIыхухэм я деж. ЦIыхухэм яхуэзэурэ, муниципальнэ щIыналъэхэр къызэхакIухьурэ депутатхэм щыгъуазэ защI республикэм исхэр нэхъ зытегъэзэвыхьхэм, гулъытэ хэха зыхуэзыIыпхъэу щыIэ Iуэхухэм.

Урысей парламентаризмэм и махуэм ирихьэлIэу депутат псоми дохъуэхъу я Iэщlагъэм зэпымыууэ хагъэхъуэну, къару мыкIуэщIыж яIэну, хэхакIуэхэм я дзыхьыр ягъэпэжыну. ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ, ди Хэкум и фIыгъуэр фхуэгъэзауэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэ псори къызвэхъулIэну си гуапэщ. Дэ псоми ди къару зэхэлъыр фхурелажьэ властым и лIыкIуэ Iэнатlэм щIыхьэм я деж щIэ пщIэр къалэтыным, урысей къэралыгъуэр гъэбыдэным.

ЕГОРОВЭ Татьянэ,
КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI.

● Дыгъуасэ

Шынагъуэншагъэм трегъащIэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Терроризмэм пащIэтыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэхэт комиссэмрэ (АТК) Оперативнэ штабымрэ я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэр.

АБы хэтащ икIи къыщыпсэльащ УФ-м ШынагъэншагъэмкIэ и федеральнэ Iэнатlэм и управленэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI **Воронин Сергей**, КЪБР-м къэрал кIуацI Iуэхухэмкlэ министр **Ромашкин Игорь**, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ Iэнатlэм и Iуэхущlапlэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Сергеев Алексей**, УФ-м цIыхубэ зыхъумэжьныгъэмкIэ, къэхъукъащIэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжьынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэм и тхьэмадэ **Надежин Михаил**.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр зыгъэзащIэ Урысейм я ныбжьыщIэмрэ я махуэр республикэм щагъэлъапIэу екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм цIыху куэд зэрыхэтынур, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын зэрыхуейр.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэпызыдын щхьэусыгъуэ щыIэн хуейкъым. СызэреплъымкIэ, ар дызэрызэдэлажьэм къыпокIуэ. Ауэ хъыбар зэхуэмыдэ къытIэрыхьэхэм къахуэд Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм терроризм щIэпхъаджагъэ щалэжьынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр, - жиIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм. Къапщтэмэ, иджыпсту къэралым и адрей щIыналъэхэми апхуэдэ щытыкIэщ щыплъагъур. Къэлъытэн хуейщ иужьрей илъэсхэм Сирием къыщыхъу Iуэху мыщIагъуэхэри. Араущи, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым набдзэгубдзапlэу дызэрыщытыпхъэр. ЗэрыфщIэщи, накъыгъэм и 7-р УФ-м и Президент Путин Владимир и кулыкъум щыпэрыхьэ махуэщ. Iуэхуэр зэхагъэзэрыхьын папщIэ щIэпхъаджащIэхэм сыт хуэдэ Iэмали къагъэсэбэпыну хэтынкIэ хъунущ. Ари ди нэIэ зытедгъэтыпхъэщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм пщэрылъ ящыщIащ къэблагъэ махуэщхуэхэм цIыхуэр куэду щызэхуэсыну щыпIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм гулъытэ хэха хуащIыну, терроризм щIэпхъаджагъэхэм зэрыпэщIэт Iэмал псори ягъэзэщIэну. Абы къыдэкIуэу, КIуэкIуэм къыхигъэщащ мафIэс щынагъуэншагъэри къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

- Къыхэзгъэщынут къэралым и щIыуэпсым зэуэ зэрызихъуэжьым кьишэ къэхъукъащIэхэм цIыхуэр зэрыщытхъуэмэным сыт щыгъуи дыхуэхьэзырын зэрыхуейр. Ди щIыналъэм дунейм и хуабагъ-щIылагъым елытауэ уэсукъуэмрэ ятIэпсымрэ къызэрыщекхьи дыхуэзащIэ. Сыщогугъ дэтхэнэми и къалэнир жэуап-лыныгъэ хэлъу игъэзэщIэну, - дыщIигуащ КIуэкIуэ Юрий.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Пятигорск, Черкесск щIыналъэхэм я архиепископ Феофилакт хуэзащ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Пятигорск, Черкесск щIыналъэхэм я архиепископ Феофилакт.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр ди щIыналъэм щыгъэбыдэным, къекIуэкI хабзэ нэхъыфIхэр хъумэным хуэгъэза проект щхьэхуэхэр гъэзэщIэным.

Къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъитащ экстремизмэмрэ радикализмэмрэ я Iэужьхэр къэмыгъэхъуныр, щIалэгъуалэм тэмэму ядэлэжьэныр. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ зэщIыгъуу зэфIагъэзэкIынухэр яубэхуащ.

Москва щIыналъэм, Урысей псом я патриарх Кирилл къыбгъэдэкIыу архиепископым сэлам гуапэ ди республикэм и унафэщIым къриухьажащ. Прохладнэ районым щыщ Благовещенскэ къуажэм и православнэ члисэм хиубыдэу наркотикхэм ятхьэкъуахэр щагъэхъуж, ахэр гъащIэм щыхэзэгъэж центр къызэрызэIуахам и гугъу щищIым архиепископым къыхигъэщащ апхуэдэ Iуэхущlапlэ Кавказ Ищхъэрэм зэрыщымыIэр икIи гулъытэ хэха зыхуэфащэ сымаджэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ я деж Iэ ар икъуэкIэ Iуэхушхуэу зэрыщытыр жиIащ. Iуэхущlапlэр ящIащ къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я мылъку зэхэдзакIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Лъэпкъ Iуэху

Сурэтыр **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *трихащ.*

Адыгэ ныпыр ягъэлъапIэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ мэлыжьыхьым и 25-м ди республикэм щрагъэкIуэкI Адыгэ ныпым и махуэр гъэлъэпIэным ехьэлIа дауэдапщэхэр. Арат зытеухуар Налшык къалэ Абхъазым и щIыхькIэ щыIэ утым дыгъуасэ къыщызэрагъэпэщахэри. Махуэшхуэм и саулыкъуэкIэ автомобиль зекIуэ егъэжьэнри щыщIэкI Iуэхухэм.

ПщэдджьыжьымкIэ сыхьэти 10-м ирихьэлIэу мы щIыпIэм щызэхуэсащ дунейм адыгэу тетыр зэкъуэзыгъэувэ ди нагъыщэ пажэхэм ящыщ Адыгэ ныпым и махуэр зэдзэгъэзэпIэну къежьа нэхъыжьыфIхэмрэ щIалэгъуалэмрэ.

Удзэлыхьэхт икIи узыгъэгушхуэт дыгъэпсым игъафIэ Iэгъуэблагъэм мыпхуэдизу цIыху зэуIуу щыплъагъуныр, псори нэфIэгуфIэ защIэхэрэ гукъыдэжьым зэщIиIэтауэ. Утым щхьэхуэу щызэхэтт адыгэ пыIэ лъагэхэр зыщхьэрыс ди нэхъыжьыфIхэр, Iуэху дахэр я щхьэусыгъуэу зэрызэхэзам зэрыщыгугфIыкIыр я зэбгъэдэтыкIэм, зэпсэлъэкIэм Iупщ1 къытщищIу. АдэкIэ тIэкIу нэхъ пыIыкIуэтауэ еувэкIа щIалэгъуалэ куэдыкIейм апхуэдизу зыкъэрахырт, нэфIэгуфIагъэрэ дэрэжэгъуэрэ я нэгум къищырти, уаримыгушхуэн пльэкIынутэкъым.

ПокIу щыкIэу екIуэкIа пщэдджьыжь зэхьыхьэм гуфIэгъуэм теухуа псалъэ дахэ щыжиIащ Къэбэрдей адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **КъуэщIысокъуэ Мартин** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Къэпсэлъэхэм къыхагъэщащ адыгэхэм ди ныпым ПлыгъэкIэ гъэнщIа тхьэдэхуэ зэриIэр. Абыхэм автомобиль зекIуэм хэтхэр къыхураджащ гъэзугум ипкI-иль яхэмыту, зэпIэзэрыту тетыну, къызэдгъэзэжэнум къащIыпежьэнухэм екIуу я кьабгъэдыхьэжыну.

ЩIалэгъуалэм я автомашинэхэм адыгэ ныпхэр ящхьэщыхуарзэу республикэм и щIыналъэ зыбжанэ зэщIагъэхьащ, я махуэшхуэ дэрэжэгъуэмкIэ зыхуэзэхэм, къэзылъагъуэхэм ядэгъащIэу. Пщыхьэщхьэм ахэр Налшык щыIэ АБхьэблэм щыIэ Адыгэ Хасэм и пашэ **Бырхъэм Мухьэмэд**, «Хабзэ» зи фIэщыгъэ щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **КъуэщIысокъуэ Мартин** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Илъэс зыбжанэ хъуауэ мэлыжьыхьым и 25-м ди республикэм щрагъэкIуэкI Адыгэ ныпым и махуэр гъэлъэпIэным ехьэлIа дауэдапщэхэр. Арат зытеухуар Налшык къалэ Абхъазым и щIыхькIэ щыIэ утым дыгъуасэ къыщызэрагъэпэщахэри. Махуэшхуэм и саулыкъуэкIэ автомобиль зекIуэ егъэжьэнри щыщIэкI Iуэхухэм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент.

«Растдзинад» газетым и редакцэм деж

Осетием щыщ ди ныбжьэгъуэх, IэщIагъэкIэ ди лэжьэгъуэх!

Ди къуэшу Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и лъэпкъ газетыр илъэс 95-рэ ирокъу. И ныбжькIэ мыщIалэжми, абы къыдэкIыгъуэ къэс и губзыгъагъэм, Iэзагъым, хъыбархэр хэIущIыIу тэмэму зэрищIым, Iуэху нэхъыщхьэхэр зэрызэпкърих щыкIэм, напэкIуэцIхэр зэригъэдахэм хигъахъуэ зэпыту йокIуэкI. Фи журналистхэм зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэлъыр сэбэп мэхъу осетин пIалъхьэм къеуалIэ гугъуехьхэр дэгъэкIынымкIэ, цIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу, социальнэ жыджэрагъ яхэлъу гъэсэныкIэ.

«Растдзинад» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэм яхуэзэфIэкIащ осетин лъэпкъыр къэзыпльэхьэхэмрэ абы и ехьулIэныгъэхэмрэ къэгъэльэгъуэным и лъэныкъуэкIэ ямэ яту журналистхэм зэтрагъэува хабзэхэр яхуэмэн. Урысейм и тхыдэм иужьрей дыдэ зэманым къыщыхъуа зэхъуэкIныныгъэхэм япкъ иткIэ лъэпкъ газетым и журналистхэр блэкIам нэ жанкIэ хэплъэжьын, иджырей зэманым щыIэ щытыкIэр зэпкърахын хуей хъуати, фэ абы хъарзынэу фохъулIэ икIи хъыбарегъащIэ IэнатIэр гъащIэм ипэжьипIэкIэ фогъэнщI.

Гъэсэныгъэшхуэ фи лэжьакIуэхэм зэрахэлъым къыжьэкIыу газетыр фейдэ гуэр щхьэкIэ гъуэгум щыбгъунльэркъым. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм быдэу я фIыщ мэхъу XXI лIэщIыгъуэм «Растдзинад» газетыр зэманым къыгъувэжэм езыр зытелажьэ осетин лъэпкъыр зыхуэпабгъэхьа езэгъуеу зэрыщытынур.

«Растдзинад» газетыр илъэс 95-рэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу абы щылажьэ дэтхэнэ зыми и Iэщlагъэм ехьулIэну, хъыбарыфIхэр игъэIуну, творческэ зыужьыныгъэрэ узынщагъэрэ иIэну, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и цIыхубэр мамырыгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ хэпсэукIыну дохъуэхъу.

ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.
КЪБР, Налшык къалэ, 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м

● КъБР-м и Правительствэм

Гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщ

Мэлыжьыхьым и 19-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Къбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщыныжьмкІэ комиссэм и зэІущІэ.

ГЪУЭГУХЭМ шынагъуэншагъэ кыщызэрагъэпэщыным, автомашинэ зезыхуэхэр хабзэм тету зегъэкІуэным, зэжьэхуэхэр нэхъ мащІэ хъуныи ельэпІа уэ УФ-м и Президент Путин Владимир 2015 гъэм мазаем и 20-м къыдигъкІа унафэр ди республикэм зэрыщагъэзащІэм теухуауэ щытащ «Гъуэгу хозяйствэмкІэ управленэм» и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Акопян Рафик** и къэпсэльэныгъэр. Абы жиІащ «Кавказ» федеральнэ гъуэгум къыхэкІыу Бахъсэнкіэ кІуэ гъуэгум светофор зэрытрагъэувар, гъуэгуцкъэ дамыгъэмкІэ Іэхьэр къызэрыхагъэщхьэхуІар. ГъуэгуцІэхэр тельхъэным, зэрагъэхьным, зэрагъэпэщыжыным, дамыгъэхэр тегъуэвэным псори зэхэту трагъэкІуэдар сом мелуани 121-рэ мэхъу. Хэгъэгу гъуэгухэм зэпрыкІыпІэу 289-рэ яІэщ, абыхэм ящыщу 151-р еджапІэхэм, сабий садхэм ялэгъунэгъущ. Къэпсалъэм къызэрыхигъэщамкІэ, ахэр къанэ щымыІэу иджырей мардэхэм тету ящІащ икІи зэман гъунэгъуи а щыпІэхэм зыщымыІэу иджырей мардэхэм тету ящІащ икІи зэман гъунэгъуи а щыпІэхэм зыщымыІэхэр щыфІадзэнущ.

Гъуэгум бгъурыт лъэс лъагъуэхэр, машинэ гъэувыпІэхэр щІыным, уэздыгъэхэр фІэдзэным я гугъу щыщІым Акопян къыхигъэщащ Нартан, Щхьэлыкъуэ, Джэрмэнчык, Прохладнэ ирикІуэ гъуэгухэр ягъэнэхуну зэрамурадыр. Къуажэхэм километр 591-м нэблагъэм уэздыгъэ щыфІадзэн хуейщ. Абы текІуэдэнур сом мелардитІым щІегъу. Километр 12-м нэблагъэ лъэс лъагъуэу Прохладнэ къалэмрэ Дей къуажэмрэ щыпхъэ щыщ. «Кавказ» гъуэгум кІыхэкІрэ Налшыкыпсым зэпрыкІыу Нартан удэзышэ лъэмыжьыр тралъхьэн щІадзащ. Малкэ - Ингушыи гъуэгур зэзыгъэпэщыжьынур зэпеуэхІэ кьыхах.

Автомашинэзэкъэуэм фэбжь хэзыхьэм хуащІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и гугъу ищІащ КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Хьубий Марат**. Псори зэхэту ди республикэм дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и къудамэу 11 щыІэщ. Бригадэ 320-рэ махуэ къэс мэлажьэ, абыхэм ящыщу 80-р - жащи махуи. «Медицина катастроф» ІуэхущапІэм я лэжьакІуэу гъуэгухэм гупих тетщ. Фбжь зыгъуэтахэм щадоІэпыкъу Тэрч, Аруан, Прохладнэ, Іуащхьэмахуэ, Шэджэм щІынальэхэм я сымаджэхэм, фІагъ лъагэ зиІэу къальытэ Республикэ клиникэ сымаджэщым.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и къэпсэльэныгъэр гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр щыхъуэжьыгъэ ягъэуцІэнымкІэ, абыхэм тетыну къыхуеджэнымкІэ ди республикэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэм теухуат.

Аруан муниципальнэ щІынальэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и къэдзэ **Молочков Александрэ** Прохладнэ муниципальнэ щІынальэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Журавлёв Андрейрэ** я районхэм а Іуэхум теухуауэ щалэжьхэм щыгъуазэ ящІащ къыззэхуэсахэр.

КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щыІэ министерствэм Къэрал инспекцэмрэ гъуэгум щынагъэншагъэ къыщызэгъэпэщыныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий** гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр къызэпызыдуахэм тралъхьэ тезырхэм я гугъу ищІащ. Гъэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр къызэпаудауэ 2017 гъэм компьютер Іэмалэхэмкіэ къыщІагъэщар мин 895-рэ мэхъу (ар гъэ кІуам ельытауэ процент 14-кІэ нэхъыбэщ). Абыхэм япкъ иткІэ хабзэр къызэпызыдуахэм къуэдыуэ сом мелуан 510-рэ тралъхьащ.

Бэджыдэм къызэрыхигъэщамкІэ, автомашинэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам щхьэкІэ къэмынэу, иужьрей илъэсхым транспорт зэжьэхэуэм зэкІуадэжьм я бжыгъэм хэщІащ. 2012 гъэм апхуэдэхэм цІыху 212-м я гъащІэр ихьамэ, 2017 гъэм хэкІуэдар зэрыхъур 137-рэщ.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым къызэхуэсахэм яжриІащ, транспорт къуэды зытралъхьаэм кІыхьлъэхъ ямыщІу ирагъэпшыныжьмкІэ сэбэп хъуну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 26, *махуэку*

♦Радиацэ къэхъукъащІэхэм я зэранкІэ дунейм екьыжахэм я фэеплъ махуэщ

♦ЦІыху акъылым къилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ

♦Армением и гъунапкъэхъуэмэ и махуэщ

♦Тэтэр Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэуащ - я анэдэлъхубзэм и махуэщ

♦Марий Эл Республикэм щагъэлъапІэ лъэпкъ лІыхъужьым и махуэр

♦1658 гъэм Урысейм и пащтыхь Романов Алексей и унафэкІэ Москва и Кремлым и чэщанэ нэхъыщхьэм и цІэр Спасскэ жиІэу зэрахъэжкІащ.

♦1986 гъэм къэуащ Чернобыль дэт атом электростанцыр. И лъэщагъкІэ ар хуэдэ 500-кІэ нэхъ гуащІэт 1945 гъэм США-м Хиросимэ щиридзыха бомбэм нэхърэ. Радиацэм СССР-м и щыналъэм щыщу километр зэбгъуэнатІэ мини 155-рэ иуцІэпІат, абы щыпсэу цІыху мелуаниблым я гъащІэмрэ узынщагъэмрэ я зэран екІынкІэ щынагъуэу.

♦1952 гъэм Мэлбахьуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу хахащ.

♦1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэр арэзы техъуащ и Президиумым къищта унафэм, Крым областыр РСФСР-м хэгъэкІауэ Украин ССР-м хэгъэхьэным теухуам, икІи Совет Союзым и Конституцэм зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщі Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Лей зытехьа лъэпкъэр гъэзэхуэжьыным и Іуэхукіэ» Законым.

♦Совет эстрадэм и артист, СССР-м и цІыхубэ артист **Акопян Арутюн** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦АР-м и политикэ лэжьакІуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал кІуныкъущІэ, Тамбовскэ областым и администрацэм и унафэщІ **Никитин Александр** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэрфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхьунущ.

Мэлыжьыхьым и 27, *мэрем*

♦Урысей парламентаризмэм и махуэщ. 1906 гъэм лэжьэн щІидзащ Урысейм и Къэрал Думэм – парламентаризмэм и лъабжьэхэр къэралым щызыгъэтІылъам.

♦Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ. Абы щагъэлъапІэ ар къыщызэрагъэпэща (1922 гъэм), и конституцэщІэр къыщащта (1992 гъэм) махуэхэр.

♦Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я часть хэхахэм я махуэщ

♦УФ-м и нотариальнэ Іуэхущапіэхэм я махуэщ

♦Финляндием щагъэлъапІэ ветеранхэм я махуэр

♦Словением и Щхьэхуитщыжакіуэ фронтым и махуэщ

♦1702 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкІащ, яІыгъ диным щхьэкІэ емынымкъэкъуу, нэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэр Урысейм къэкІуэну хуит зыщІ унафэр. Европэм кьикІыуэрэ къэралым къакІуэу хуежьащ кхъухь, Іэщ щыным хуэІэкІуэлъакІуэ Іэщ Іагъэлъкэр, ухуакІуэ Іэзэхэр, дзэ инженерхэр.

♦1908 гъэм мылым лъэрыжьэкІэ къыщыфэныр Олимп джэгуэм я программэм хагъэхьащ.

♦1908 гъэм Инджыкілым и кІалащхьэ Лондон къыщызэІуахащ IV гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр щызэхуащІыжар жэпуэгуэным и 31-рщ.

♦1961 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Мамыдгъэм хуэлажьэ фонд.

♦1974 гъэм Байкал-Амур гъущІ гъуэгур (БАМ-р) ухуэн щІадзащ.

♦Совет актёр, режиссёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Моргунов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Сабий дохутыр, хирург цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Рошаль Леонид** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Басир** – и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс политик, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Къэзанокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Лазарев Александр** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьыакІуэ цІэрыІуэ, композитор, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Михайлов Стас** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисистка, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2008 гъэм Пекин щекІуэкІа Олимп джэгуэм дыжьын медаль къыщыдэзыхьа **Сафинэ Динарэ** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жэм гъэшыджэ буурейщ.

Къабзагъэм йогугъу

Прохладнэ къалэ администрацэм и жэрдэмкІэ ягъэхьэбзащ Ставрополь - Мэздэгу къалэхэр зэпызыщІэ федеральнэ гъуэгур.

КЪИНЭМЫЩІАУЭ, Прохладнэм и Магистральнэ, Первомайскэ уэрамхэм, къалэ бэзэрым нэсу, лэжьыгъэшхуэ къыщырахьэлІащ: жыгхэр яухъуэнщІащ, уэрам уэздыгъэхэм я щытыкІэр къащыпщытащ, пхъэнкІий идзыпІэ зыбжанэ зыхуэІ хуагъэзащ.

Лэжьакіуэхэм паупщІынущ гъуэгубгъуэхэм Іут жыг, къуацэ хэгъуэкІахэмрэ жьым кьыгуищІыкІа кьудамэхэмрэ. Жьылагъуэхэр зэщІэгъэкъэбзэным хуха-ха мазитІым къриубыдэу псыхъэхэри мэз лъапэхэри ягъэхъэбзэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЛАСЭ Заурбэчщ**

● Дэ къытхуатх

Амурбий хуэдэхэр нэхъыбатэмэ...

Куба (нэхъапэм Хьэсэнбийхьэблэ) къуажэм къикІыуи иджыблагъэ тхыгъэ гуапэ къытІэрыхьащ. Ар теухуащ Шыкуэ Амурбий.

«АМУРБИЙ Шыкуэхэ я къуэщ, ауэ зейр къуажэращ, - кьатх кубадэсхэм я нэхъыжьхэм. - Сабий балигъи жьлэм дзэхьым ар сэбэп зыхуэмыхъу. ЦІыхухэр махуэ къэс зыхуеину хьэпшыпхэр щащэ тыкуэн къызэІуихауэ, жьжьэ дымыкІуэу уасэ езэгърабгъкІэ кьытІэрегъэхьэ. ХьэрычэтыщІэ Іуэхум пэрытми, Амурбий мылъкушхуэ зэхуэхьесыным итхьэкъуауэ, унэшхуэ зыщІу пщІантІэм удэмыплъэфу сэрей лъагэкІэ къэзыухъуреихьэм япеуэу щыткъым. ПщІэнтІэпс хьэлэлкІэ, кІэлэжь мылъкуэ зыкІи щІимыфэу, кьуажэдэсхэм ятрегъэкІуадэ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ жьлэм къыщыхъуми, ерджапІэхэми, Іуэхущапіэхэми ар я щІэгъэкъуэнщ».

Гъуэгу зыуухуэмрэ лъэмыж тезыльхьэмрэ сыт щыгъуи псапэшхуэ яІэщ. Куэд щІакъым кьуажэкхъэм екІуалІэ гъуэгум Амурбий асфальт зэрытригъалъхьэрэ. КъищынэмыщІауэ, абы яхуэзэригъэзэхуэжащ дунейм зэрехьыжрэ куэд щІауэ икІи я кхъащхьэм кІэлъыплъэн зимыІэжкэм я сынхэр. Метр щитхукІэ сэхэор хригъатэри, сеткэ лъагэкІэ кхъэм щыщІ ныхьэшхуэ къригъэхуэхьажащ, Іэщ хьэулейкэр абы дэмыхьэфын папщІэ.

«Алыхьым ґащІэ кІыхь ищІ Амурбий, - къыпащІа кубадэсхэм я тхыгъэм. - ЛІауэ иІэм я псапэ Тхьэм ищІ и лэжьыгъэфІэр. Абы хуэдэхэр нэхъыбэу диІатэмэ, ди къуажэхэри цІыухэрэн нэхъ зыхуей хуэзэу псэунт. ФІыщІэ щхьэхуэу яхуэтщІыну дыхуейт Амурбий кърихьэжь Іуэхуэхэмкіэ сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъуэху и къуэш бынхэу Ибрэхьимрэ Зауррэ. Алыхьым кьахуэзэпищэ!».

● Махуэ лъапІэхэр

Рэмэдан мазэр къоблагъэ

Нэщі Іыгъыныр ди Тхьэ лъапІэм фарз (къалэн) кьытщІыгъахэм ящыщу. Мусльымэхэм махуэрыбжэмкІэ ар зытехуэ Рэмэдан мазэр мы гъэм накъыгъэм и 17-м (мазэр къыщыуэхуэм елъытауэ зы махуэкІэ зэхъуэкІыныгъэ иІэнкІэ хъунущ) кьохьэ. Нэщіым и пэ къихуэу ар зищІысымрэ зэрырахьэкІ щыкІэмрэ фигу кьыдогъэкІыж.

Нэщіым къикІыр

Зыри пшых, уефэ хуэныкъым нэхущым кьыщыщІэдзауэ дыгъэр кьухьэху. НэгъэщІу жьпІэмэ, уи джийм ерыскъы ехьныкъым. ЦІыхум нэщІыну щэращ ищІамэ, ар ниет (мурад) хъуащ.

Нэщіыну зытехуэхэр

Мусльымэн балигъырщ нэщІыр фарзу зытехуэр. Алыхьым и нэфІыр зыщІыхуа Бегъымбар лъапІэм жиІащ: «Къалэн къызытемыхуэхэр: акъылыр зыфІэкІуэдам и акъылыр кьихьэжьыху, сабийр балигъ хъуэу».

ЦІыхубзым и нэщІыр кьабыл хъун щхьэкІэ ар езыр кьабзэу щытын хуейщ. Мазэ къэс пІалъэкІэ зэрысымаджэм нэщІыр зэпегъэу.

Нэщі мазэм ирихьэлІэу гъуэгуанэ тетыр километр 85-кІэ мынэхъ мащІэкІэ и унэм пэжьжьэмэ, нэщІ имыІыгъми хъунущ. Алыхьым и нэфІыр зыщыуа Мухьэммэд бегъымбарым жиІащ: «Абы къикІыр: хэт гъуэгуанэ тетми, и гъуэгуанэр ихьыху, хэт сымаджэми, и узынщагъэр зэтеувэжьыху, мыжьыр хъунущ, ауэ зэрыкъэшхэр ипшныжьын хуейщ. Гъуэгуанэ тетми сымаджэми яхузэфІэкІынумэ, нэщІмэ нэхъыфІщ».

Сымаджэм и нэщІыр

Рэмэдан мазэм ирихьэлІэу цІыхур сымаджэ хъуамэ, еплъынщи, и ківрум дзкІынумэ, нэщІынщ. ХуэзфІэмыкІынумэ нэщІынкъым, ауэ хъужа иужькІэ ипшныжьын хуейщ. И узынщагъэр зэфІэмыувэжмэ, нэщІыр имыпшныжьми хъунущ, ауэ дэтхэнэ зы нэщІ махуэми пэкІуэу зы тхьэмыщІкІэ игъэшхэну кьытохуэ е а шхыным и уасэ иритыпхэщ.

ЦІыхубз мусльымэн зыщІэнкІэ уэндэгъу щыхъуам и дежь езым и псэм е и ныбэм илъ сабийм тёшыныхьмэ, нэщІ имыІыгъми хъунущ, ауэ зыхьэсыгъуэр зэрытекІыу, ипшныжьну и къалэнщ. Абы ещхьщ сабий щынэ зыкІэрыщІа бзылъхугъэри: езым и псэм е сабийр зригъэзфэн быдэшшэ имыгъэтынкІэ тёшныхьмэ, мыжьыр нэхъыфІщ. Мы кьэдгъэпъэгъуэ щхьэхуэсыгъэр зиІэхэм иужькІэ нэщІыр ипшныжьын е зэрымынэщІа махуэ къэс хуэзэу зы тхьэмыщІкІэ ягъэшхэн хуейщ.

Нэщіыр зыщІэтэмэмыщ

1. Ниет щІыныр. Щэращыр зэфІигъэкІра и дзэхэр ильэшІыжа нэужькІэ нэщІынум мыпхуэдэу жеІэ: «Нобэ пщэдджыжь нэмэзым щыщІэдзауэ ахъшэм уахътыр кьихьэху Алыхьым папщІэ сынэщІыну ниет сощІ». Ар макъкІэ жимыІэми ягъэ кІынукъым, и гум илъмэ зэфІокІ. Тхьэ лъапІэм щхьэкІэ зэрынэщІымкІэ цІыхум мурад ещІ. Ниет зыхуащІыр фарз нэщІырщ. УцынэщІыну махуэм и пщэдджыжьыпэр фІэмыкІыу ниет пщІакІэу щытын хуейщ. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Бегъымбар лъапІэм къыдгурегъаІуэ: «Хэт пщэдджыжьым илъ кьиухуэу ниет имыщІами, абы нэщІ иІэжьам, ауэ ирихьэкІыну нэщІыр нэфІилэу (псапэу) щытмэ, пщэдджыжьым иужькІи ниет ищІ хъунущ, езым зыгуэр имыщхауэ щытмэ».

2. ЦІыхум ерыскъы псоми, лІыгъуэ-фызыгъуэми махуэм зыщихьумэн хуейщ.

3. НэщІыр пщэдджыжь нэмэзым щыщІэдзауэ ахъшэм уахътыр кьихьэху йокІуэкІ.

Нэщіым и мардэхэр

1. Щэращ щІыныр. Нэху мыщ щІыкІэ укъэтэджу ушхэныращ тэмэмыр. Бегъымбар лъапІэм жиІащ: «Дэ ди нэщІымрэ ди япэ ищахэм я нэщІымрэ зэрызэщхьэщыкІыр щэращ дызэрышхэр аращ». Щэращым и уахътым жэщ ныкъуэм щІедзэри пщэдджыжь нэмэзым дакъикъэ зыбгъупщІ иІэжу еух.

2. Зэманыр я кьыщысам и деж кІыхьлІыхь умыщІу уэхущхьэныр. Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Бегъымбар лъапІэм и суннэтхэм ящыщІу хэмыщхьэжу, псы нэхъ мыхъуми Іумыхуауэ ахъшэм нэмэз зэримыщІар. Ар хъурмэрэ псыкІэ хэщхьэжырт.

3. НэщІар щьхэщхьэжым и деж Тхьэ лъапІэм елъэІун хуейщ. Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым абы щыгъуэм и деж жиІэу щытащ: «Алыхь лъапІэ, уэращ псори дызыхуэнэщІар, уэ къыдэпта ерыскъымкІэ дыхощхьэж, уэращ зыхэзыхри, зыщІэри, ди нэщІыр кьабыл щІы». Апхуэдэу жиІэу нэщІам духьэ ищІыпхъэщ.

Нэщіым и деж нэхъыфІщ

1. Андез щыпщтэм и деж уи пэмрэ уи жьэмрэ псы щІагъуэу умыгъакІуэмэ, сыту жьпІэмэ зыгъэрКІэ псыр уи джийм екмэ, уи нэщІыр мэкъутэ.

2. Щхьэгъуэзм утемылъэщІыхьмэ, хуэапісэ Іуэхукіэ умыщІ.

3. Сэхуэсэлтъ зэхэумылъхьэмэ.

Нэщіыр мэкъутэ

1. Ерыскъыхэкі уи джийм ебгъэхмэ.

2. ЦІыхум езым ищІэу зыкъэмгъэжьмэ.

3. Ахъшэм хъуа пфІэшхуэ уэхущхьэжамэ, ауэ иджыри дыгъэр куэдмыхьэжамэ.

Нэщіыр зыпшныжьыну къызытехуэхэр

1. Диным къабыл ищІ щхьэусыгъуэхэм ящыщ имыІэу нэщІ маззм хэшхам ипшныжьыну кьытохуэ. Ар къэзыгъэнаІуэр Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Бегъымбар лъапІэм и хьэдисыращ. Тхьэм и лІыкІэм и деж зы цІыху какІуэри жиІащ: «ЦІхьэусыгъуэ симыІэу зы нэщІ махуэ сышхащ. СыткІэ ар зґъэзэкъуэжьну?». Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жэуапу кьитащ: «Пщыщ щхьэхуиту утІыпщыж, е мазитІкІэ нэщІыж, е тхьэмыщІкІэ 60 гъэшхэ».

2. Езым и жэрдэмкІэ махуэм лІыгъуэ-фызыгъуэ зезыхьами нэщІыр ипшныжьынущ.

Нэщіыр икъутэнукъым

1. Уи джийм псы иумыгъахьу дзэхэр плъэщІмэ.

2. Уубэ Іейм зыщІыхьумэн щхьэкІэ, псы зытепкІэмэ е псыежьхьым ухыхьэмэ.

3. Хэщхьэж нэужьым щыщІэдзауэ пщэдджыжь кІэхур кьищІыху уи щхьэгъуэсэм удыщІыгъуамэ. Апхуэдэм и деж нэщІым щыщІидзэм ипэ кьихуэу зыбгъэпскІыжмэ нэхъыфІщ.

4. ЗыгъэпскІыжьым хуейуэ нэху кьытещхьамэ.

5. ЩынэщІ махуэм жейуэ шейтІаным къиґъэпцІарэ, абы и лъэужь кьэнамэ.

6. Щыгъупщэжу шхамэ е псы ефамэ. Абы теухуауэ Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «Хэт щыгъупщэу шхэми, и нэщІыр ирегъэкъуж, абы имыщІэу ишхар Тхьэ лъапІэр аращ езыгъэшхар, ирезыгъэфар».

Іу зыпытапхъэ: «Ислъамым и нурым» и кьыкІэлъыкІуэ кьэдгъэкІыгъуэм дыщытепсэлъыхьыжащ кьэдэр жащым, бытырым, нэщІкІыжьым.

Накъыгъэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	03.27	04.59	12.13	16.07	19.08	20.48
2, бэрэжьей	03.25	04.58	12.13	16.07	19.09	20.49
3, махуэку	03.23	04.57	12.13	16.08	19.10	20.50
4, мэрем	03.21	04.55	12.13	16.08	19.11	20.51
5, щэбэт	03.20	04.54	12.13	16.09	19.13	20.53
6, тхьэмахуэ	03.18	04.53	12.13	16.09	19.14	20.54
7, блыщхьэ	03.16	04.51	12.13	16.09	19.15	20.55
8, гъубж	03.14	04.50	12.12	16.10	19.16	20.56
9, бэрэжьей	03.13	04.49	12.12	16.10	19.17	20.57
10, махуэку	03.11	04.48	12.12	16.10	19.18	20.59
11, мэрем	03.09	04.47	12.12	16.11	19.19	21.01
12, щэбэт	03.08	04.45	12.12	16.11	19.21	21.02
13, тхьэмахуэ	03.06	04.44	12.12	16.11	19.22	21.04
14, блыщхьэ	03.04	04.43	12.12	16.12	19.23	21.06
15, гъубж	03.03	04.42	12.12	16.12	19.24	21.07
16, бэрэжьей	03.01	04.41	12.12	16.13	19.25	21.09
17, махуэку	03.00	04.40	12.12	16.13	19.26	21.10
18, мэрем	02.58	04.39	12.12	16.13	19.27	21.12
19, щэбэт	02.57	04.38	12.12	16.14	19.28	21.13
20, тхьэмахуэ	02.55	04.37	12.12	16.14	19.29	21.15
21, блыщхьэ	02.54	04.36	12.12	16.14	19.30	21.16
22, гъубж	02.53	04.36	12.12	16.15	19.31	21.18
23, бэрэжьей	02.51	04.35	12.13	16.15	19.32	21.19
24, махуэку	02.50	04.34	12.13	16.15	19.33	21.21
25, мэрем	02.49	04.33	12.13	16.16	19.34	21.22
26, щэбэт	02.48	04.32	12.13	16.16	19.35	21.24
27, тхьэмахуэ	02.46	04.32	12.13	16.16	19.36	21.25
28, блыщхьэ	02.45	04.31	12.13	16.17	19.37	21.26
29, гъубж	02.44	04.30	12.13	16.17	19.38	21.28
30, бэрэжьей	02.43	04.30	12.13	16.17	19.39	21.29
31, махуэку	02.42	04.29	12.13	16.18	19.40	21.30

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущапіэм къыдитащ.

● ТхьлъыщІэ

Бегъымбархэм ятеухуа хъыбархэр

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ «Бегъымбархэм ятеухуа хъыбархэр» тхылъ щхьэпэр. Абы куэд зэрыщыгуфІыкІынум щэч хэлъхъэм.



ФАНИЯ бин Мухьэммэд аль-Маккирэ Булгари Хьэйдаррэ бегъымбар лъапІэхэм ятеухуауэ ятхыжа хъыбар хьэлэмэтхэр адыгэбзэкІэ кьыдигъэкІащ ТхьэкъуаХуэ Іуэс. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар сабийхэращ, ауэ балигъхэми хуабжьу кьахуэщхьэпэнущ. Хъыбархэр бзэ тынШкІэ, гурыІуэгъэкІэ тхащ икІи Алыхьгалэ Иным цІыхур къызэригъэщІар, абы и псэукІэр зэрызэфІигъэувар, бегъымбар лъапІэхэмрэ ислъам диныр я къэзэрыкуэрэ жа щыкІэм ухагъэгъуэзэ, мусльымэныгъэ пэжым ухуауащІ.

Іэдэм и деж кьыщыщІэдзауэ Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа Мухьэммэд и деж щиухьажу бегъымбар пщыкІутІым щытопсэльыхь тхылъым. Дэтхэнэми и гъащІэмрэ кІэкІэкІыкІамрэ хъыбар щхьэхуэ иІащ, цІыхухэм щапхъэ нэс яхуэхьуу.

«Бегъымбархэм ятеухуа хъыбархэр» дунейм къытезыгъэхьа Тхьэкъуахъуэ Іуэус илъэс зыбжанэ хъуауэ ислъам диным екъэлІа тхылъхэр кьыдегъэкІ, нэхъыбэр езым и мылъкукІэ. Абы и фІыгъэкІэ адыгэбзэкІэ щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьащ мусльымэн махуэрыбжэхэр, хьэдис лъапІэхэр, уаз щхьэпэхэр, зэчыхрэр, дыуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, нэгъуэщІ кьэдэр. Иужьу кьыдэкІауэ зи гъуГу фхэтщІа тхылъыр зыІэрызыгъэхъэну хуейкэр езы Іуэус и деж псалъэ хъунущ мы телефонымкІэ: 8-903-490-41-95.

КЪУМПІЫЛ Мурат:

● Ди псэлъэгъуэхэр

ЕфакІуэ зэпытщ ди зэкъуэшыныгъэр

Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпылы Мурат Къэралбий и къуэр иджырей зэманым декІуу лажьэ унафэщІхэм ящыщ зыщ. Ар къеГэлъагъуэ зи унафэщІ республикэм нобэ иІэ зыужьыкІэм, абы исхэр зэрыхуэарэзым, и цІыху цІыкІэкІи и лэжьыгъэкІи жылагъуэм зэрахуэзІухам, зыхуигъэувыж къалэнхэр сыт щыгъуи зыхуей хуэзэу зэригъэзащІэм. Зи гугъу тщы Іуэхугъуэхэр къыгъуаІуатэ абы къиКІыу къытІэрыхьэ хъыбархэм, Іэтащхьэм махуэ къэс илэжьхэр, къирпхъэу интернетым щиІэ напэкІуэцІхэм, дыкІуа нэужь тлъагъу-хэм.

Мы зыгъуэгуми лэжьыгъэ Іуэхукіэ Мейкъуапэ дызэрыкІуар къэдгъэсэбэпри, АР-м и Іэтащхьэ Къумпылы Мурат зыхуэдгъэзащ, илъэс лъандэрэ зыпэрыт къулыкъу пльагэм щыэригъэхъулІахэмрэ ди лъэпкъэгъуэхэм я псэукІэмрэ зыщыдгъэгъуазэмэ тфІэфы. Мурат дигъэщІэхъуакъым, гуапэу дригъэблагъэщ, Ди газетым къытедзэжащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщіэ Мухьэмэдрэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ АЦкъан Руслан.рэ Іэтащхьэм зэрепсэлъар, иджы фыщыдогъэгъуазэ Къумпылы Мурат ди упщІэхэми къарита жуэпхэм.

Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпылы Мурат Къэралбий и къуэр 1973 гъэм мазаем и 27-м АР-м и Красногвардейскэ районым хыхьэ Улап къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапІэ №9-р къуиха нэужь, Дон Іус Ростов Щіыхьэ хозяйствэмкІэ дэт институтыр 1994 гъэм къиухащ.

1993 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ 1994 и бадзэуэгъуэ пщІондэм Дон Іус Ростов щыІэ «Проагрос» хозяйственнэ ассоциацэм щылэжьащ. 1994 гъэм щегъэжьауэ Федеральнэ казначействэм и Красногвардейскэ къудамэм ревизор-контролёру щылаш.

1997 гъэм и фокІадэм а Іуэхущапіэм и унафэщІ яІэщ.

1998 гъэм АР-м щыІэ Федеральнэ казначействэм и управленэм и Красногвардейскэ район къудамэм и Іэтащхьэу яГэуув. 1999 гъэм Налогхэмрэ ар къыхэхыныкІэ УФ-м и министерствэм и инспекцэу Красногвардейскэ районым щыІэм и унафэщІш, 2002 гъэм щІыщылэм АР-м щыІэ Районхэм эзгаЙФНС №1-м и унафэщІым и къуэдзэш, 2002 гъэм дыгъуэзазэм а Іуэхущапіэм и унафэщІ мэхъу.

2008 гъэм и мэлыжьыхьым Къумпылы Мурат АР-м и премьер-министрым и къуэдзэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ иІэзэщІэну пщэрыть щащІ, мазэ докІри, АР-м и Президентым и унафэкІэ премьер-министр хуІэпкъым пэрагъэувэ.

2016 гъэм и фокІадэм Къумпылыр хахащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутату, фокІадэм и 3-м щегъэжьауэ Къэрал Совет-Хасэм и унафэщІу щытащ.

2017 гъэм щІыщылэм и 12-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ, Къумпылы Мурат Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ иГэзэщІащ, 2017 гъэм фокІадэм и 10-м АР-м и Къэрал Совет-Хасэм и депутатхэм Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу хахащ.

Унагъуэщ, бынипІ и1эщ.

- Мурат, дэтхэнэ унафэщІми и екъулІэныгъэхэр зэлъытар зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ лэжьакІуэ гуп зэгъэпэщынрауэ жаІэ. Уэ уэзэрылажьэрэ зы илъэс ирикъуащ, ухунэса апхуэдэ Іэщ Іагъэлъ гуп зэхуэпшэсыну, зэбгъэуІуну?

- Псом япэрауэ къыхэсэщыпхъэщ, а зи гугъу пщы Іэщ Іагъэлъхэр, псом хуэмыдэу унафэр зыІэщІэлъхэр, къыхэхныр дэнэ къэрали яПэ зэрыщІагъэщІр. Совет лъэхъэнэ лъандэрэ щІэ къыхуеджэныгъэр псоми ящІэж: «Лэжьакіуэхэращ псори зэлъытар». Ар пэж дыдэщ, сыту жыпІэмэ, унафэ зыІэщІэлъ къулыкъущІэр Іуэхум пэмыльэщмэ, щыуагъэм щІэптыну уасэр инщ. Мы зэманым ди къэралыр зэхъуэкІыныгъэ, щІэ куэдым Іуоуэ. Абы ипкъ иткІэ, Іэмал зимыІщ Іэщ Іагъэлъхэм я щІэныгъэмрэ Іэзэгъымрэ хагъахъуэ зэпыту къеКІуэкІын зэрыхуэйр. Апхуэдэ къулыкъухэм къешэлІапхъэри иджырей Іуэху зегъэкІуэкІэм хуэІэкІуэлъакІуэ, зи кІуахыр ин, гупсысэкІэ къызэрымыкІуэ зиІэ цІыхуэ.

Абы и лъэныкъуэкІэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ УФ-м и Президент Путин Владимир кадр политикэмрэ унафэр зыІэщІэлъ Іэнатіэмрэ гъэузгущІэ зэрытригъэувар. Президентым и унафэм ипкъ иткІэ, къэрал Іэнатіэм уІуХэну нэхъ тынш хъуащ, ар щІалэрэуалэм я дежкІи щхьэпэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, къэрал дэІэпыкъуныгъэ ин зиІэ «дэкІуеиплІэщ» ар. ЦІыхур лэжьыгъэм щІэпэрыуэкІэ, мыхьэнэ нэхъ зэтыпхъэр ешэм бгъэдэлъ фІэгъыщ. Апхуэдэуи гупсысэ хуэщІыпхъэщ уней хъэрычэт Іуэху къыззэшІэпэщыфхэми, апхуэдэ къаруущІэкэр ди щІыналъэм и зыужьыныгъэм ехьэлІауэ екІуэкІ лэжьыгъэм къыхэувэн хуейщ. Езым и мылъку хэзыпІэ ззэзгъэпэщыфам къэрал Іэнатіэмэ щІэ гуэр хилъхьэфыну къызолъытэ сэ.

Ди щІыналъэр къащтэмэ, Іэщ Іагъэлъ хъарзынэкэр пэрытщ унафэщІ къулыкъухэм. А гупыр зы илъэсым къриубыдэу зэхуэтшэсауэ аракъым, атІэ куэд щІауэ мэлажьэ, я гуащІэм къыпэкІуа Іуэхухэмкіи я Іэзагъыр яГэльагъуэну хунэсауэ. Сыт хуэдэ унэтІыныгъэми ехъулІэныгъэхэр щызыІэрыдгъэхьащ дэ. Ауэ нэхъыщхьэр нэхъыфІыжым, нэхъыбэжым дызэрыхуэупабгъэщ, ди къарур, Іэзагъыр едгъэфІэфынуну дызэримуредырыр. Абы папщІэ дэ иджыпсту «Бережливое производство» проектыр дгъэзащІэ, бгъэдыхьэкІщІэхэр къэдгъэсэбэпурэ. ИкІи псоми ди зэфІэкІыр зэдгъэІуІуу ди хэгъуэгум исхэр тыншу, гуныкъуэгуэншэу я гъащІэр ирахьэкІыным, я псэукІэр зегъэфІэкІуэным, ди республикэм нэхъри зиузэщІыным дихуэлэжьэнращ ди мурад нэхъыщхьэр.

- Зыужьныгъэмрэ псэукІэ тыншымрэ республикэр хуэзышэр социально-экономикэ Іэнатіэм щызыІэригъэхьэ хэхъуэхэмрэ екъулІэныгъэмрэщ. Адыгэ Республикэм абы и лъэныкъуэкІэ и Іуэху зыІутым укъытхутепсэлъыхьамэ арат.

- Къэбгъэльагъуэмэ, макроэкономикэ хэхъуэ нэхъыщхьэр, валовэ щІыналъэ продуктКІэ дыздэжар, 2017 гъэм проценти 102,7-рэ мэхъу. Адыгэйм и промышленнэ производствэм и индексыр урысей псом ику иту къыщащІэм (101%) нэхъ нэхъыбэ хуащ (103,5%) 2017 гъэм. Апхуэдэуи гу лъыбзэгъэтэну сыхуейщ ди лъахэм псэукІэр зэрыщефІэкІуэм. Абы и лъэныкъуэкІэ дэхуэхуэ зэман кІыхькІэ екІуэкІаи, иджы зыдужьжащ. Республикэм ику иту къыщащхъ улахуэр иужьрей илъэсым тещІыхьауэ жыпІэмэ, хэхъуащ, абыкІэ сабэп хъуащ Президентым и накъыгъэ унафэкэр зыхуей хуэзэу зэрыдгъэзащІэр. КъэбгъэмыщІауэ, 2018 гъэм нэхъ мащІэу къахь улахуэр иджыри хэхъуэнущ. 2018 гъэм и накъыгъэм МРОТ-р упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм хуэдиз хъунущ - сом 11 163-рэ.

Адэкіэ диІэну зыужьныгъэхэр идопх нэгъабэ АР-м Промышленностым зегъэужьныжкІэ и фонд къызэІутхам. Ар нэхъ зэгъэщІылІар кредит аХьэшр къеІыхыным епха Іэхуэхэр нэхъ тынш щІыныращ.

Экономикэм и лъабжьэу иджыри къэнэжьр мэкъумэш Іэнатіэращ, ауэ абы и бгъэдыхьэкІэхэми зедгъэхъуэжащ. Иужьрей илъэсым Адыгэйм жыг хадэхэр куэд щыхъуащ. 2017 гъэм мэкъумэщыщІэхэм жыг хадэ гектар 230-рэ яГэгъуІысащ. Мэкъумэш Іэнатіэм къыщыщІэдгъэкІым хэдгъэхъуэжащ. Ауэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Дыдейхэм дахуэмейуэ ара?

СССР-р зэрылъэлъэжрэ Урысейм къыхуэзщІэкъуэжыркъым адрей республикэхэм кьина, Урысей Федерацэр зи хэкуу къэзылъытэу абы кьыхуеІэхэр.

МЫ ГЪЭМ аргуэру зы Іуэху кьыхалъхьащ «Собирание соотечественников» фІащри. Ар кьызыхэкІар кьэкІуэжыну хуейхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм хуэдэ кьабзэу, ар зыхуамыдэхэри нэхъыбэ зэрыхъурщ. Дыхэплъэнти бжыгъэхэм.

1991 - 1996 гъэхэм Урысейм и цыху хъужащ мелуани 3,5-рэ, 1996 - 2002 гъэхэм - мелуани 3,7-рэ. Паспорт зэрыратащ хабзэр щагъэткІийм, Іуэхур лъэхъа хъущ. Абы кьриКІуаращи, 2002-2017 гъэхэм Урысейм и паспорт зыІэрыхьар мелуанищи ирикъуркъым, УФ-м и МВД-м кьит бжыгъэхэмкІэ, ди къэралым зизыгъэзэгъэжыну хуейкэр хуэдитхукІэ нэхъыбэмэ.

УФ-м и Президентым ЦІыхуэм и хуитыныгъэхэмкІэ дэлажьэ Советым хэтхэм зыжьэу жаІэ: «Ди хэкуэгъуэхэм ятеухуа хабзэр кьанэ щымыІэу зэхъуэкІын хуейщ» «Форум переселенческих организаций» жьхуаІэм и исполкомым и унафэщІ Графовэ Лидие **(мы цІыхубзыр журналист цІэрыІуэщ, Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхум куэд щІауэ тотхыхь)** кьелъытэ ди хэкуэгъуэхэм 1991 гъэм и ужькІэ (СССР-р щылъэлъэжар кьащтэри) яГуэта бынхэр ди хэкуэгъуэ зымыдэ Іыхьэр хабзэм хэгъэкІын хуейІуэ **(ирагъэлепгъкъэ?!)**. Апхуэдэ кьабзэщ «щылэсэну плЪлъэкІ хуит щІын», «регистрацэ щиІэ унэм Іэмал имыІэу щыпсэун» кьэзыІуэ кьэзыгъэув хабзэхэри ягъэкІуэдыжьыр игуэру журналистым кьызэрыхигъэщыр. Лидие шэч кьытриХьэркъым паспорт-визэ хуэІухуэщІэр ахъшэкІэ фІэкІа зэрызэфІамыгъэкІын гугъуехь куэд кьызэригъэщыщ, ар щхьэхуещагъэкІэ кьызэрагъэсэбэпым.

УФ-м и МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхукіэ и Управленэ Нэхъыщхьэм и унафэщІ Кирилловэ Ольгэ арэзы техъуащ Графовэм жиІам. Абыи кьиІытащ ди хэкуэгъуэкр кьешэлІэжьымэ техуха программэр лэжьэну кьакІуэхэм я Іуэхум тегъэщІа хуэдэу хьуауэ.

Сыт адэкІэ щІапхъэр? Хабзэм елэжьыжу цІыхухэм я дежкІэ нэхъ тынш хъумэ, «Переселение соотечественников» программэм нэгъуэщІ зыи дыщІагъну я мурадщ, «Собирание соотечественников» фІащу. Ар щаублагъэхэщ КъуэкІыпІэ Жьжьжьэм, Латин Америкэм щыпсэуа урыс староверхэр здэІэпхъуэжьым.

ЗэІуцІэм хэтахэм кьащта унафэр МВД-м ирагъэхьащ, Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуа хабзэм хэлъхьапхъэ зэхъуэкІынытхъэхэм мы зэманым министерствэр иолэжьри. Накъыгъэ мазэм Къэрал Думэм щІалъхьэнущ хабзэ зыхэлэжьахьыжар. Абы кьрикІуэнум дэри дыпоплъэ, урысхэм кьэкІуэжьыну хэхэсхэр кьешэлІэжьымкІэ Іуэхушхуэ кьызылъэщІытыр адыгэхэращи.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэдзэр зауэм Іуохьэ. *Сурэтыр 1843 гъэм ящІащ.*

ДыщІэсакъын щыІэщ

УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Совет тым и секретарь Патрушев Николай иджыблагъэ зэІущІэ щригъэкІуэкІащ Черкесск къалэм.

АБЫ ЗЭРЫЖИІАМКІЭ, ИГИП-р Сириемрэ Иракымрэ щыхагъэщІа нэужь, кьэрал куэдым я цІыху зыхэт террорист, экстремист гупэхр я мурадхэм хэплъэжьи, ІэмалыщІэхэм егупсысын хуей хъуащ. Кьалщтэмэ, иджы ахэр зыхущІэкъур КъуэкІыпІэ Гъунэгъум кьащемыхьэпІар нэгъуэщІ щынальъэхэм хахьэнырщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм Кавказ Ищхъэрэми гуращэ кьыхуаІэщ: ди щІалэгъуалэр зыхащэну, цІыхухэр щхьэлажьэ ящІыну, террор щІэпхъаджагъэ ялажьыну мурад базджэ ящІ.

Патрушевым кьигъэлъэгъуащ щІэпхъаджащІэхэм нэхъ тыншу кьагъэсэбэпыфынуэр хэтми. Псом япрауэ, ислъамым и зэуакІуэу зыкъзэпльытэу КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щекІуэкІ зауэхэм хэтахэрщ. ЩІэпхъаджащІэхэм тыншу кьахуогъэсэбэп апхуэдэхэри я унагъуэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ. Террор, экстремист гупым хэтхэм гугъу демыхьу я лъэныкъуэ ящІыф къуэкІыпІэ Гъунэгъу кьэралхэм я дин еджапІэхэр «радикальный ислам» жьхуаІэм тегъэщІауэ кьэзыІуахэр.

Иужьрей эзманым нэгъуэщІ зыгуэри кьызэрежьар кьыхигъэщащ кьэпсэлъам. «Автономный джигад» жаІэ абы щхьэкІэ. Интернетым и Іэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, цІыху гуп цІыкІу е зырызурэ зыхашэ, экстремизм гупсысэр зэбэкІ дерсхэм щІагъэдэІу. Мыр лэжьыгъэшхуэу ди щІалэгъуалэм кьызэрыдрагъэкІуэкІам и щІыхьэтщ нэгъабэ и закъуэ сайт 1000-м щІигъу зэрызэхуащІар, уголовнэ Іуэхуи 105-рэ кьызэраІэтар.

Ди щІалэгъуалэр лъэпкъ, хэку гупсысэр яІэу гъэсэн зэрыхуейм тригъэщІащ Патрушевым. Ар шэч зыхэмылъщ. Мы зэІущІэм теухуа хъыбархэм кьызэщакъым «патриотизм» псалъэр ягурэ я псэрэ хэлъын папщІэ иджыри щІапхъэхэр, ауэ дыщІугъынщ лъэпкъхэм я хабзэм щІэблэр щІапІакІыну, щІэныгъэм, спортым, щхьэхбзэм я Іэмалкіэ япсыкьыну унафэ щыІэну, абы текІуэдэн мыльку щыналъхьэхэм яІэным гулъытэ ягъуэтыну.

И чэзуг

Зэхэзымыхахэр фызэгъэгуфІэ: телеэфирым хущхъуэхэм я рекламэр ихын хуейуэ кьагъэуващ сенаторхэм. Абыхэм Къэрал Думэм и комитетым ирагъэхьащ хабзэм хэгъэхьапхъэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэр. Сенаторхэр тогузэвыхь цІыхухэм езыр-езыру я узыфэр кьахутэжу хущхъуи зрахьэлІэ зэрыхьуам.

ЕЗЫР зэІэзэжьыхукІэ, и узыр зэрыхэтІасэм кьиНэмыщІауэ, рекламэм кьиГъэлъагъуэ хущхъуэхэм яхэтщ «госрегистрацие» жьхуаІэм теухуауэ ящІапхъэм кьыпакІухьу утыку кьэрахьахэр.

Евросоюзым хэт кьэралхэм хущхъуэхэм я рекламэ щІыпІъагъункъым.

Сыт депутатхэр зыгъэгуэвар жьпІэмэ, Урысейм и цІыхухэм я процент 60-м хуэдиз езыр-езыру зэрызэІэзэжьыращ, икІи ар цІыхухэр зэрырІыкІ узыфэ нэхъ шынагъуэ 4-м яужькІэ, етхуанэ щхьэусыгъуэщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, рекламэр - ар ахъшэшхуэщ. Арагъэнущ мы Іуэхур дапщэрэ кьрахьэжььами, и кІэм ЩІахунэмызэсар. Рекламэм щІыщу процент 19-р медицинэмрэ фармацевтикэмрэ иІыгъщ, зы илъэсым сом мелард 33-м щІигъу хэхъуэу яІэу.

Телевидеэнэм я рекламэм кьыхуихь хэхъуэр имыІэжмэ, лэжьыгъэщІэхэм зримыпщыгъыжьфы-ну жаІэу мэтхъэусыхэ, ауэ депутатхэми я жэуапыр хьэзырщ: ТВ-м и хэхъуэр зэхьыбэу кьезытыр хущхъуэхэм я рекламэрэ кьым, етІуанэрауэ, зы гупым хэхъуэ яІэнра нэхъыщхьэр хьэмэрэ цІыхухэм я узынщагъэра?

Депутатхэра е хущхъуэ кьыщІэзыгъэкІэра мы зэм текІуэнур? Ар куэд дэмыкІыу кьэтщІэнущ, ауэ иужьрейхэм я Іэрыкіэмкіэ цІыхухэр якудэн папщІэ яхуэзфІэкІ кьызэрамыгъанэм и щы-хьэтщ рецептыншэу ящэ хущхъуэхэм папщІэ тыкуэнхэм пЛанэпэ кьыщцыхуэзІуахыну фармацевтхэр яужь зэриткр.

Иджыблагъэ наІуэ кьэхъуащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэр а Іуэхум зэрелльыр. Министр Скворцовэ Вероникэ зэрыжиІамкІэ, Минпромторгыр щІэрыщІэу зэлэжьыжа законопроектым зэремыувэлІэнур, тыкуэнхэм хущхъуэ щІащэн щхьэусыгъуэ зэрыщымыІэр. Аптекэхэр зэрыкуэдыкІейм и закъуэкъым министрым ар щІимыдэр, атІэ «рецептыншэу ящэ хъун хущхъуэ» жьхуаІэм кьикІыр гъэбелджьылаэ зэрыщымытырщ. Уеблэмэ дохутырым итха рецепткІэ фІэкІ кьэпщэху мыхъуну хущхъуэхэри хуитэу ящэ. Министрым кьежьлыпэ абы ди цІыхухэр бзыльхьышхуэ хидзэну. Бактериехэмрэ вирусхэмрэ зэрыпІэщІэт хущхъуэхэр щхьэж зэрыхуейуэ кьыгъэсэбэп зэрыхъуам кьишащ нэгъуэщІ узыфэ хьэлъэхэр, иджырей антибиотикхэр зыпэмыльэщыкхэр.

Матэм илъымкІэ псэуа ухьутэмэ

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм кьыхилъхьащ «потребительская корзина» жьхуаІэр гъэкІуэдыжьын хуейуэ.

2012 ГЪЭМ накьыгъэм и 22-м щыщІэдзауэ кьагъэсэбэп цІыхур псэуфын папщІэ я нэхъ мащІэ дыдэу иІэн хуейр зэрагъэбелджылы мардэ, ауэ а мардэмрэ уасэхэмрэ зэтехуэн дэнэ кьэна, зэи зэпэгъунэгъу хъуакъым. ФощІэж, хадзэхкІымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ щыкІуэд гъэмахуэ, бжьыхьэ маззэхэм Урысейм и щІынальэхэм, матэм илъэпхъэр нэхъ пуд зэрыхъуам щхьэкІэ жаІэу, «потребкорзинэм» текІуадэ ахъшэм тІэкІу кІэрауду зэрыщытар, абы я фІыгъэ гуэр хэлъ, экономикэр ефІэкІуа хуэдэу кьытщагъэхъун папщІэ.

Пэжу жьпІэнумэ, а матэр кьэзыгупсысахэми ар кьызыхуагупсысахэми щыр джэгукІэ гуэру фІэкІ кьащцыхъуагъэнукъым, абы зыри кьызэримыкІыр кьагурыІуэрти.

Росстатым кьитым тетщІыхьынщи, ди кьэралым щыпсэум и процент 21,1-р кьулейсыщІ, абыхэм я хэхъуэр упсэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу уиІэн хуейм хуэдизи хъуркъым.

Улахуэм хагъэхъуамэ, «матэр» пкІэунэм драхьеижамэ хъунут. Хагъэхъуащ. Мы псэм накьыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр сом 11163-рэ и кІэ кьакІуэ хъунукъым (нэгъабэ сом 10.329-уэ щытащ). Сом мин 11-м тІэкІу щІигъуу иритмэ, лэжьакІуэ зиІэр кьыхэмыщтыкІыу жей хъунущ, кьэралым кьыщащта унафэр егъэзащІэри. Ауэ кьулейсыхэр нэхъ мащІэ щІэсыну щхьэусыгъуэкъым улахуэу ягъэбелджылар. Мы кьыхуаІам лэжьапщІэр нагъэсыфын папщІэ, УФ-м и щІынальэхэм иратынущ сом мелард 16,4-рэ. Абы инэІуэкІэ трагуэшащ сом мелард 20. «Дэ дыкІэлъэпІлъынущ ахъшэр кьызэрагъэсэбэпым, лэжьапщІэм я нэхъ мащІэр зыхуэдизын хуейм теухуа унафэр зэрагъэзащІэм ди нэІэ тедгъэтынущ,- жиІащ УФ-м лэжьыгъэмкІэ и министр Топилин Максим. Правительствэм кьегъэнэж «северные коэффициенты» жьхуаІэу щІыпІэ щІыІэхэм щылажьэхэм я улахуэм дыщІагъур. Министрым кьызэрилъытэмкІэ, лажьэ щхьэкІэ закъыхуэмыІэту, кьулейсызхэм яхуэщІэн хуейм и зы Іыхьэщ мыр, ауэ гурыІуэгъуэщ сом мин 11-м тІэкІу щІигъуу ягъэбелджыла улахуэм уэзрырымыпсэуфынур, кьулейсызхэм я бжьыгъэ абы зэримыгъэмэщІэнур. Кьапщтэмэ, «потребительская корзина» жьхуаІэм мы зыхэнэ зэримыІэр кьалъытауэ, ар ягъэкІуэдыжьнущ. Мыхьэнэ щІимыІэр а матэм нэхъыбэ ираІэхьэн хуейуэ зэманым кьигъэуваци аращ. Ар зэбгъэхъулІэн папщІэ улахуэ нэхъ мащІэ щІэщи аращ.

Топилиным жеІэ дуней псом я щапхъэм техьэн хуейуэ. Зы кьэрали щыІэкъым цІыхур зыгъэпсэун «матэ» кьигъэсэбэпу! Іуэхур зытращІыхьыр улахуэращ: лэжьапІэ ІэнатІэхэм икУ иту кьыщахьым и процент 40-м хуэдиз зимыІэр кьулейсызращи, апхуэдэхэм кьэралым зэрызыщІигъакъуэ социальнэ льготэ псори кьигъэсэбэпыну хуитщ. Ауэ Урысейм щат улахуэр зэрымащІэм тепщІыхьмэ, ику иту кьахьым и процент 40-м кьхъидихьыжьы фІэщыщІыгъуейщ. Е мыпхуэдэу пщІы хьунущ: Газпромым и унафэщІым, бухгалтер нэхъыщхьэм, кьулыкъущІэ кьызэрыгъэкІым, Іуэхущ Іапіэм и пэшхэр зыгъэхьабзэм я улахуэхэр зэхалъхьэрэ ику иту кьыщІидзым и процент 40-м хуэдиз дэтхэнэми ептмэ, унафэщІым и закъуэщ зи бохьшэр тІэкІукІэ нэхъ пІащІэ хъунур. Іуэхур здэщыІэр абы арэзы техъуэн унафэщІ кьызздитхынрщ.

Накьыгъэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

● Футбол

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ЕщэщІанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 4

(мэрем)

«Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) - «Армавир» (Армавир)

«Легион Динамо» (Мэхъэчкьалэ) - «Академия» (Дон Іус Ростов)

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «ІэфІыпс» (Іэфыпс)

«Дружба» (Мейкьуалэ) - «Черноморец» (Новороссийск)

«Кубань-2» (Краснодар) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)

«Краснодар-2» (Краснодар) - «Мэшыкьуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

«Чайка» (Песчанокопское) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)

ЩэщІрэ езанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 11

(мэрем)

«Армавир» - «Ангушт» (Нэзрэн)

«Кубань-2» - «Легион Динамо»

«ІэфІыпс» - СКА (Дон Іус Ростов)

«Мэшыкьуэ-КМВ» - «Дружба»

«Анжи-2» (Мэхъэчкьалэ) - «Краснодар-2»

«Черноморец» - «Чайка»

«Динамо-Ставрополь» - «Биолог-Новокубанск»

ЩэщІрэ етІуанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 16

(бэрэжьей)

«Ангушт» - «Академия»

«Спартак-Налшык» - «Армавир»

«Спартак-Владикавказ» - «Кубань-2»

«Краснодар-2» - «ІэфІыпс»

«Мэшыкьуэ-КМВ» - «Черноморец»

«Дружба» - «Анжи-2»

«Биолог-Новокубанск» - «Чайка»

«Легион Динамо» - «Динамо-Ставрополь»

ЩэщІрэ ещанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 20

(тхьэмахуэ)

«Академия» - «Спартак-Налшык»

«Армавир» - СКА

«Кубань-2» - «Ангушт»

«ІэфІыпс» - «Дружба»

«Биолог-Новокубанск» - «Черноморец»

«Анжи-2» - «Мэшыкьуэ-КМВ»

«Чайка» - «Легион Динамо»

«Динамо-Ставрополь» - «Спартак-Владикавказ»

Накьыгъэм и 24

(махуэку)

«Спартак-Налшык» - «Краснодар-2» *(пІощІрэ еханэ джэгуГуэм щыщІ)*

ЩэщІрэ еплІанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 27

(тхьэмахуэ)

СКА - «Академия»

«Краснодар-2» - «Армавир»

«Спартак-Налшык» - «Кубань-2»

«Мэшыкьуэ-КМВ» - «ІэфІыпс»

«Легион Динамо» - «Биолог-Новокубанск»

«Черноморец» - «Анжи-2»

«Спартак-Владикавказ» - «Чайка»

«Ангушт» - «Динамо-Ставрополь»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

Еблэнэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 1

(гъубж)

«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Къундетей» (Шэджэм)

«Бедик» (Арщыдан) - «ХьэтІохъущыщкъуей» (ХьэтІохъущыщкъуей)

«Родник» (Псынэдахэ) - «Союз» (Сэрмакъ)

«Малка» (Малкэ) - «Тэрч» (Тэрч)

Накьыгъэм и 2

(бэрэжьей)

«Нартан» (Нартан) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)

«Исльэмей» (Исльэмей) - «Нарт» (Нарткъалэ)

«Налшык» (Налшык) - «Керт» (Къэхъун)

«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Шэрджэс» (Шэджэм)

Еянэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 5

(щэбэт)

«Тэрч» - «Псыкуэд»

«Керт» - «Малка»

«Союз» - «Налшык»

«Къундетей» - «Исльэмей»

Накьыгъэм и 6

(тхьэмахуэ)

«ЛогоВАЗ» - «Шэрджэс»

«Бедик» - «Родник»

«Нарт» - «ХьэтІохъущыщкъуей»

«Нартан» - «Автозапчасть»

Накьыгъэм и 9

(бэрэжьей)

(псори епщыкІуэнэ джэгуГуэм щыщІ)

«ХьэтІохъущыщкъуей» - «Автозапчасть»

«Родник» - «Нартан»

«Малка» - «Нарт»

«Шэрджэс» - «Союз»

ЕбГуэнэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 12

(щэбэт)

«Автозапчасть» - «ЛогоВАЗ»

«Родник» - «Нарт»

«Налшык» - «Бедик»

«Малка» - «Союз»

Накьыгъэм и 13

(тхьэмахуэ)

«Исльэмей» - «Нартан»

«Къундетей» - «ХьэтІохъущыщкъуей»

«Псыкуэд» - «Керт»

«Шэрджэс» - «Тэрч»

ЕщІанэ джэгуГуэ

Накьыгъэм и 19

(щэбэт)

«ЛогоВАЗ» - «Тэрч»

«Бедик» - «Малка»

«Къундетей» - «Родник»

«Автозапчасть» - «Исльэмей»

Накьыгъэм и 20

(тхьэмахуэ)

«Нарт» - «Налшык»

«Керт» - «Шэрджэс»

«Союз» - «Псыкуэд»

«Нартан» - «ХьэтІохъущыщкъуей»

И чэзуг

Зэхэзымыхахэр фызэгъэгуфІэ: телеэфирым хущхъуэхэм я рекламэр ихын хуейуэ кьагъэуващ сенаторхэм. Абыхэм Къэрал Думэм и комитетым ирагъэхьащ хабзэм хэгъэхьапхъэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэр. Сенаторхэр тогузэвыхь цІыхухэм езыр-езыру я узыфэр кьахутэжу хущхъуи зрахьэлІэ зэрыхьуам.

ЕЗЫР зэІэзэжьыхукІэ, и узыр зэрыхэтІасэм кьиНэмыщІауэ, рекламэм кьиГъэлъагъуэ хущхъуэхэм яхэтщ «госрегистрацие» жьхуаІэм теухуауэ ящІапхъэм кьыпакІухьу утыку кьэрахьахэр.

Евросоюзым хэт кьэралхэм хущхъуэхэм я рекламэ щІыпІъагъункъым.

Сыт депутатхэр зыгъэгуэвар жьпІэмэ, Урысейм и цІыхухэм я процент 60-м хуэдиз езыр-езыру зэрызэІэзэжьыращ, икІи ар цІыхухэр зэрырІыкІ узыфэ нэхъ шынагъуэ 4-м яужькІэ, етхуанэ щхьэусыгъуэщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, рекламэр - ар ахъшэшхуэщ. Арагъэнущ мы Іуэхур дапщэрэ кьрахьэжььами, и кІэм ЩІахунэмызэсар. Рекламэм щІыщу процент 19-р медицинэмрэ фармацевтикэмрэ иІыгъщ, зы илъэсым сом мелард 33-м щІигъу хэхъуэу яІэу.

Телевидеэнэм я рекламэм кьыхуихь хэхъуэр имыІэжмэ, лэжьыгъэщІэхэм зримыпщыгъыжьфы-ну жаІэу мэтхъэусыхэ, ауэ депутатхэми я жэуапыр хьэзырщ: ТВ-м и хэхъуэр зэхьыбэу кьезытыр хущхъуэхэм я рекламэрэ кьым, етІуанэрауэ, зы гупым хэхъуэ яІэнра нэхъыщхьэр хьэмэрэ цІыхухэм я узынщагъэра?

Депутатхэра е хущхъуэ кьыщІэзыгъэкІэра мы зэм текІуэнур? Ар куэд дэмыкІыу кьэтщІэнущ, ауэ иужьрейхэм я Іэрыкіэмкіэ цІыхухэр якудэн папщІэ яхуэзфІэкІ кьызэрамыгъанэм и щы-хьэтщ рецептыншэу ящэ хущхъуэхэм папщІэ тыкуэнхэм пЛанэпэ кьыщцыхуэзІуахыну фармацевтхэр яужь зэриткр.

Иджыблагъэ наІуэ кьэхъуащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэр а Іуэхум зэрелльыр. Министр Скворцовэ Вероникэ зэрыжиІамкІэ, Минпромторгыр щІэрыщІэу зэлэжьыжа законопроектым зэремыувэлІэнур, тыкуэнхэм хущхъуэ щІащэн щхьэусыгъуэ зэрыщымыІэр. Аптекэхэр зэрыкуэдыкІейм и закъуэкъым министрым ар щІимыдэр, атІэ «рецептыншэу ящэ хъун хущхъуэ» жьхуаІэм кьикІыр гъэбелджылаэ зэрыщымытырщ. Уеблэмэ дохутырым итха рецепткІэ фІэкІ кьэпщэху мыхъуну хущхъуэхэри хуитэу ящэ. Министрым кьежьлыпэ абы ди цІыхухэр бзыльхьышхуэ хидзэну. Бактериехэмрэ вирусхэмрэ зэрыпІэщІэт хущхъуэхэр щхьэж зэрыхуейуэ кьыгъэсэбэп зэрыхъуам кьишащ нэгъуэщІ узыфэ хьэлъэхэр, иджырей антибиотикхэр зыпэмыльэщыкхэр.

Шэшэнхэм я къалащхьэр ягъэдахэ

Накьыгъэ мазэм Шэшэн Республикэм кьыщыІэзІуахынущ дельфинарий. Ар щаухуащ Чернореченскэ псыхъумапІэм деж.

ГРОЗНЭ къалэр кІуэ пэтми зэІуэпэщ щІыным, цІыху нэхъыбэм ар зыгъэпсэхупІэ яхуэхъуным тещІыхьауэ зэфІах лэжьыгъэшхуэм щыщщ дельфинарий яухуари. Мы гъэм цІыху мини 150-рэ Грознэм щыхьэщІэну, зыщапІъыхьыну хуагъэфащэ. Дельфинарийм хухаха щІыпІэр сабийхэм папщІэ ящІа къалэ цІыкІум хуэдэщ. Абдеж щылэнущ гъущІ гъуэгу, манеж, транспорт зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэхэ къарауэ, «пасэрей шэшэн льагъуэ», хьэщІэщ, нэгъуэщІхэри. ЗыгъэпсэхупІэм лэжьапІэ щагъуэтынущ цІыху 300-м.



Дельфинарийм и теплъэр.

Хыбжкэм (дельфинэм) зыкъагъэлъагъуэ.

ПІланэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Концертым фрагъэблагъэ

Ди къэралым и щІыпІэ куэдым ехъулІэныгъэ яІэу зыкъыщызыгъэлъагъуэ, хэгъэгу, урысейпсо зэпеуэхэм зыбжанэрэ пашэ щыхъуа, Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкІэ щапхъэ зытрах и «Вагъуэ цІыкІу» сабий ансамблым (художественнэ унафэщІыр Къуращэ Эдикщ) концерт итынущ. Къафэм и дунейпсо махуэм и щІыхькІэ.

Къафэм зэфІэкІ щызиІэ ныбжьыщІэхэм я утыку итыкІэмкІэ куэд дахьэ. Абыхэм ягъэлъагъуэ адыгэ къафэ гъуэзджьи и дахагъэр, и мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэмрэ къафэмрэ хуаІэ лъагуныгъэр.

Гукъыдэж зиІэ псори Налшык и Музыкэ театрым **мэлыжьыхьым и 29-м** фрагъэблагъэ. ЩыщІидзэнур **сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ**.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокьуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьакъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●